Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,льилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 29 (6817) 1 август 2022 с. Итни МухIаррам 1444 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## «Конституция – пачалихъалъул аслияб закон»

### Дагъистаналъул Конституциялъул къо кIодо гьабуна

**Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIана араб анкьалъ Бакълъул районалда. Гьедин, муниципалиталъул администрациялъул данделъабазул кIалгIадухъ республикаялъулал идарабазул, районалъул хIарактчагIазул ва цогидазул гIахьаллъигун рохалилаб данделъи тIобитIана. Тадбир бачана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас.**





Данделъиялда гIахьаллъаразда бихьизабуна ГЦТКНРялъул нухмалъулев, ДРялъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадур гьабураб документалияб фильм. Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповасул баркиялъулаб кIалъаялдаса хадуб киналго гIенеккана Дагъистаналъул гимналъухъ.

ДРялъул Конституциялъул къокIодогьабикIварцIикIкIараб иш букIин баян гьабуна ДРялъул нухмалъулесул гражданияб жамгIият ва инсанасул ихтиярал церетIеялъул гIуцIиялъул нухмалъулев Зикрула Ильясовас, Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулесул заместитель Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ, Бакълъул районалъул эменазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурахIман Дайитмирзаевас ва цогидаз.

Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалиталъул прокурорасул ишал тIуразарулев Хангерей Селимовас, росабазул бегавулзабаз, идарабазул вакилзабаз, жамгIиял хIарактчагIаз. Дагъистаналъул Конституциялъул къоялда хурхараб концертги тIобитIана Бакълъул мухъалда.

### «ТIегьай, дир гIагараб ракь»

ДРялъул аслияб байрамалъул хIурматалда муниципалиталъул росабалъ маданиял хIалтIухъабазул, библиотекаразул ва цогидазул жигараддалъун тIоритIана ВатIан бокьиялъул тадбирал.





Гьедин, Гьарадирихъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор Анисат НурмухIамадовалъ «Конституция – пачалихъалъул аслияб закон» абураб темаялда тIасан гургинаб стол гIуцIана.

2022-абилеб соналъул 27-абилеб июлалда КДЦялъул нухмалъулев АхIмад Гьойтимировасул хIаракаталдалъун тIобитIана «Аслияб закон» абураб темаялда хурхун гарачIвари. Гьес баян гьабуна баянал гьарураб тадбир гIуцIана ТIаса Инхо росулъги. Гьеб байрамалда хурхун шашкабазулаб турнирги гIуцIана КДЦялъул вакилзабаз ва цогидаз. Бергьарал ва къиматал бакIал щварал батIи-батIиял призаздалъун кIодоги гьаруна.

Аргъвани росдал библиотекаялъул нухмалъулей Багистан ГIумаровалъ гьединго баркана районцоязда ДРялъул Конституциялъул къо. «Нилъер анищ буго гIураб росу, район ва тIолго улка цебетIураблъун букIин. Аслиял церетIеялъул къагIидаби рихьизабураблъун ккола Конституция, нилъер щивасул ихтиярал цIуниялъул гьоркьчIеллъунги ккола.

ДРялъул Конституция кIодо гьаби, нилъго кIодо гьари букIин. Ингишо росдал библиотекаялъул нухмалъулей





ПатIина АхIмадовалъ гIуцIана росдал командабазда гьоркьоб волейболалъулаб къец. «ТIегьай, дир гIагараб ракь» абураб тадбир гIуцIана Нарыш росдал КДЦялъул нухмалъулей ПатIимат ТIалхIатовалъ.

ЦIияб Данухъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор ХIузаймат Багьавудиновалъ тIобитIана лъималазда гьоркьоб ВатIан бокьиялъул акция. «Щибав чияс хIаракат бахъизе ккола Конституция лъазабизе, гьеб буго нилъер эркенлъиги ихтияралги ва цогидал кIвар бугел рахьалги цIунулеб аслияб къанун»,- ян абуна Багьавудиновалъ.

«Конституция чIаго буго, хIалтIулеб буго»

Дагъистаналъул Конституциялъул статьябазда тIасан Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва сундулъго икъбал»,- ян абуна Багистан ГIумаровалъ.

«Конституция чIаго буго, хIалтIулеб буго» абураб тадбир тIобитIана ЦIиликь росулъ. 2003-абилеб соналъул 10-абилеб июлалда ДРялъул цIияб Конституция къабул гьабиялъул бицана росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул директор ГIабдухаликъ ГIубайдовас. Гьединго поселениялъул библиотекаялда «ДагъистаналъулКонституция» абураб букIонги букIана гIуцIун. ВатIан бокьиялъул, спортивиялгун маданиял, гIелмиял тадбирал тIоритIана Бакълъул районалъул Килалъ, Данухъ, ва цогидал росабалъги.

**«Гумбет РИО»**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ГIабдулвахIид Лабазановас бакълъулазул школазул халгьабуна**

- 2 гьум.



**Аргъваниб ва ЦIиликь – Украиналда рагъулаб борч борхаразулгун ва гьезул гIагаразулгун дандчIвай**

- 2 гьум.



**МухIамад ГIумардибиров: «Ралъдахъ, хIоразда, гIоразда аскIор лъимал бербалагьи гьечIого тоге»**

- 2 гьум.



**Загьра ГIабдулаева: «Руччабазул гIуцIиялъул хIалтIи цебетIезе квербакъулезе ракI-ракIалъулаб баркала»**

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ГIабдулвахIид Лабазановас школазул халгьабуна

### ЦIалул идараби гIужда къачIан лъугIизареян лъазабуна Гъалип Гъалиповас

**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель Бакълъул районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ**



**росулъа ГIабдулвахIид Лабазановас халгьабуна муниципалитеталъул школазда капиталияб ремонт гьабиялъул.**



**ХIалтIулаб сапаралда гьеса цадахъ рукIана бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, цIалул идарабазул нухмалъулел ва цогидал.**

Школал къачIаялъул хIалтIаби тIаде босараб идараялъул вакилзабаз депутатасе рагIи кьуна гIужда ва гIунгутIаби гьечIого капиталияб ремонт гьабиялъул иш рагIалде бахъинабилин. Лъималазе, мугIалимазе санагIалъаби чIезариялъул ва цогидал лъайкьей цебетIеялда хурхарал суалал руго районалъул администрациялъ тIуралел аслияздаса цояб. Гьедин, муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъги хIалтIулаб сапар бухьана Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил жигаралдалъун нухдаинабулеб «Лъайкьеялъул цебетIей» абураб федералияб программаялда рекъон школазда капиталияб ремонт гьабизе рес щварал росабалъе.

Игьелдерил школа къачIаялъул хIалтIаби гьари графикалдаса нахъ хутIун ругин бадибчIваял гьаруна Гъалиповас капиталияб ремонт гьабиялъул иш тIаде босараб идараялъул хIалтIухъабазе. «Школал къачIаялъул хIалтIаби жиндир заманалда рагIалде рахъинаризе ккола. 2022-абилеб соналъ капиталияб ремонт гьабулеб буго ЧIиркъатIа, Игьали, ЦIаналъ росабазул цIалул идарабазда, хадусел соназ цогидал школал къачIазеги ракIалда буго»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Гьединго араб анкьалъ районалъул нухмалъулесул бетIерлъиялда ирградулаб анкьил хIасилал гьарураб данделъи тIобитIана налогал ракIариялъул, сахлъи цIуниялъул, ЖКХялъул ва цогидал суалал гьоркьор лъураб. Гьенир гIахьаллъана муниципалитеталъул нухмалъулесул заместителал ва цогидал.Тадбиралда рехсарал киналго суалал къиматаб даражаялда тIуразе кквербакъулел тIадкъаялги кьуна жидеда тIадал ишал ракIбацIцIадго тIураянги лъазабуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# МухIамад ГIумардибиров: «Ралъдахъ, хIоразда, гIоразда аскIор лъимал бербалагьи гьечIого тоге»

### ЦIунаги бальгоял балагьаздаса

**Бакълъул районалъул Инхоса ГIали-хIажил цIаралда бугеб централияб библиотекаялда роолил чвердолеб заманалъ лъималазул хIинкъи**



**гьечIолъи цIуниялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул маданияталъул ва туризмалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, библиотекарал ва цогидал маданиятальул хIалтIухъаби. Бакълъул районалъул администрациялъ муниципалитеталъул прокуратураялъул, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул ва цогидал идарабазул вакилзабазда цадахъ гIадамазе гьарулел руго баянал, малъа-хъваял хIоразда, лъарахъ лъимал чвердеялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялда тIасан.**

«Щибаб къойил рагIуна пашманал харбал Каспий ралъдал рагIалда, хIорихъе чвердезе аралъур ва цогидал лъим хIалаб бакIазда гIадамал гьанкьанин, цIикIкIунеб буго чвердолаго гьанкъарал санаде щвечIезул къадарги. Республикаялъул гIорхъолъа рорчIарал ахIвал-хIалазул рахъалъ министерствоялъ чIечIого лъазабулеб буго чвердолеб заманалъ цIунизе тIадал къагIидабазде кIвар кьеян.

Бакълъул районалъул росабалъ маданияталъул вакилзабазул хIаракаталдалъун тIоритIулел руго акциял, флешмобал ва цогидал роолил чвердолеб заманалда лъимал цIуниялда хурхарал тадбирал. Ригьалде рахаразецин къоргьолеб ралъдахъ, хIорида аскIор лъимал бербалагьи гьечIого тоге. ЦIунаги Аллагьас рекIкIабщиналдаса», - ян абуна МухIамад ГIумардибировас.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Аргъваниб ва ЦIиликь – Украинаялда рагъулаб борч борхаразулгун ва гьезул гIагаразулгун дандчIвай

### Улкаялъул нухмалъулесул амру къиматалда тIубалеб буго

**Бакълъул районалъул ЦIияб Аргъвани росдал жамгIият дандчIвана Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда Россиялъул Президент Владимир**



**Владимирович Путиница рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Баширов ГIабдулгIазим МухIамадовичгун. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул районияб Собраниялъул «Цогояб Россия» партиялъул депутат Сайпилав МухIамадовас, ЦIияб Аргъвани росдал школалъул директорасул заместитель Забрудин МухIамадовас, маданияталъул вакилзабаз, росдал гIолилаз ва цогидаз.**

СВОялъул гIахьалчияс данделъиялда ракIарараз баян



гьабуна Россиялъул рагъулал аскараз Украинаялда тIуралел ишазул, цере лъурал масъалабазул. Рагъулаб борч борхулел нилъер рагъухъабазул кинаб ахIвал-хIал бугеб абун гьикъидал, Башировас жаваб кьуна: «Лъаларо, кинаб настроение Украинаялъул рагъухъабазул бугебали, Интернеталдасан нужедаги рихьулел ратила хIинкъаби кьезе гьез бахъулеб хIаракат, амма Россиялъул армия кьуватаб ва гурхIел цIикIкIараб буго. ВСУялъул жидергоздегицин вахIшилъи цIикIкIараб руго. Нижеда цебе Россиялъул нухмалъев Владимир Владимирович Путиница лъураб масъала тIубазе буго»!

Данделъиялъул ахиралда депутат Сайпилав МухIамадовас баян гьабуна хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъи гьабулел бакълъулаз жидеда цебе лъураб масъала къиматалда тIобитIулеб букIин. «Гьарула нилъер солдатазе щулияб сахлъи, сабру, бергьенлъигун тIадруссаги»,- ян абуна Сайпилав МухIамадовас. ГIабдулгIазим Башировасул кIудияв вац Камил Башировасги гIахьаллъи гьабун букIана хасаб рагъулаб операциялъулъ.

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул жигаралдалъун бакълъулаз ДНРялъул ва ЛНРялъул гIадамазе гуманитарияб кумек битIана. ЦIалдохъабазул, умумузул, мугIалимазул гIахьаллъийгун «Солдатасе посылка» абурал акциялги тIоритIана районалъул щибаб росулъ.

Гьединго ЦIиликь росдал бегавул МухIамадгIарип ГIубайдулаев ва депутатал гьоболлъухъ щвана Украина неонацистаздаса эркен гьабулаго рухI кьурав, Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав АхIмад МухIамадовасул хъизамалъухъе. Росдал тIалъиялъул вакилзабаз ва депутатаз гьезие гIарцулаб кумек гьабуна ва ВатIан цIунулаго хварасул хабаде щун, дугIа гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

ГАРА-ЧIВАРИ

# Загьра ГIабдулаева: «Руччабазул гIуцIиялъул хIалтIи цебетIезе квербакъулезе ракI-ракIалъулаб баркала»

**«Солдатасе посылка» абураб акциялда рекъон Украинаялда рагъулаб борч борхулезе дараби росизе 35 800 гъурущ бакIарана Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIазул**



**хIаракаталдалъун. Гьеб идараялъе 2013-абилеб соналдаса нухмалъи гьабулеб йиго Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа Загьра ГIабдулаева. 1975-абилеб соналъ, тIокIлъиялда школаги лъугIизабун, гьей цIализе ана ДГПИялъул физикиябгун математикаялъул факультеталде.**

Жиндирго лъай борхизабиги лъимал гIезариги цадахъ кканиги, къиматаб даражаялда лъугIизабуна хIалтIуде ГIабдулаевалъ. ХIалтIана школалда кIудияй вожатаялъун, ТОКСалъул нухмалъулейлъун, директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместительлъун. 2005-абилеб соналдаса жакъа къоялде щвезегIан хIалтIулей йиго районалъул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилайлъун. ХIалтIулъ бихьизабураб гьунаралъухъ мустахIикълъана батIибатIиял шапакъатазе. Араб анкьалъ «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана Загьра ГIабдулаевагун ва кьуна гьелъ нухмалъи гьабулеб муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул хIалтIуда тIасан цо чанго суал.

**- Загьра МухIамадовна, бокьилаан руччабазул гIуцIиялъ тIуралел масъалабазул баян гьабуни.**

- Районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIаз хIаракат бахъула руччабазул яшав лъикIлъизе, гьезул рухIияб, лъаялъул ва цогидал кIвар бугел рахъал церетIезе, цIиял гIелазул ВатIаналдехун бербалагьи лъикIлъизабизе, лъимал гIемерал умумул кIодо гьаризе. ЖамгIият цебетIеялъулъ къиматаб бутIа лъола руччабазги, гьединлъидал гьезул гьунарал загьирлъизе шартIал чIезариялъул, ихтиярал цIуниялъул рахъалде жамгIияталъул ва нухмалъулезул пикру буссинабизе хIаракат бахъула.

Ахирал соназ нижеца тIоритIана «Бергьенлъиялъул чIужугIаданалъул гьумер», «Хвел гьечIеб полк», «РакIалдещвеялъул карачел» абурал акциял ва цогидал тадбирал. КIодо гьабула нижеца эбелалъул къо, росабалъ ва районалъул централда тIоритIула гьелда хурхарал тадбирал. РакIалда буго «Дир ясс, мун ина йиго чияр рокъое» абураб тадбир гIуцIизеги.

**- Районалъул руччабазул гIуцIиялде гьорлъе щал лъугьине бегьулел? Ругищ чIезарурал хасал къагIидаби?**

- Бокьарай чIужугIаданалъе рес буго гIуцIиялъул гIахьалчIужулъун яхъине, амма киназего бокьуларо ва халат бахъун гьабуларо харж гьечIеб хIалтIи. Кьокъго абуни, чиясе кумек гьабизе гьира бугел, гурхIел –рахIму, чилъи чорхолъ цIикIкIарал, командаялда гьорлъ ругезулгун хIал рекъезабизе бажарулел хIажат рукIуна руччабазул гIуцIиялъе.

**- Нужее гIарцулаб кумек букIунищ хIукуматалдасан?**

- ГIуцIиялъул гIахьалчагIазе чIезабураб харжги букIунаро, тIоритIулел тадбиразеги гьарулел цогидал хIалтIабазеги бихьизабураб гIарцулаб кумек нижее букIунаро. Администрациялъул вакилзабаз гьабула кумек, районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIаз жидерго сурсатал хIалтIизарула, гIарцулаб ва цогидаб кумекалъе ралагьула сахаватчагIи.

**- Цогидал идарабазулгун кинаб бухьен нужер бугеб?**

- Нижеца гIемераб хIалтIи гьабула районалъул маданияталъул, лайкьеялъул идарабазул, гурхIел-рахIмуялъул «Инсан» фондалъул вакилзабазда цадахъ. Гьезие ва цогидал руччабазул гIуцIиялъул хIалтIи цебетIезе квербакъулезе буго ракI-ракIалъулаб баркала.

**- Бугищ «Гумбет» газета гьоркьоб ккун дуе абизе бокьараб?**

- Бокьун буго Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул жигарал гIахьалчагIазе баркала загьир гьабизе жидеца тIаде босараб хIалтIи тIадегIанаб даражаялда тIубазе бахъулеб хIаракаталъухъ, гIагараб ракь тIегьазабизе бугеб гьираялъухъ. Цо гIуцIиялъул гуребги, тIолго районалъул хIажатал тIуразе хIадурал руго: Лайла МухIамадова, Хадижат ГIамирудинова, Эльмира Зайнодинова, ПатIамат ГъалбацIова, Сайма Запирова, ГIазра Исубилаева, ГIазра РурухIмаева, Салимат ХIамидова, ХIалимат Юсупова, Галина МухIамадова, Раисат Шагьидханова, Нуцалай ГIабдурахIманова, Раисат Шагьидханова ва цогидал. Аллагь разилъаги нужедаса!

Баркала, Загьра МухIамадовна, дандчIвазе заман батаралъухъ.

**Гара-чIвари гьабуна Зугьра ГIабдулкъадировалъ**

«САРИНАЗУЛ НАКЪИЩАЛ»

# МахIачхъалаялда – Рукъият Асадулаевалъул тIехьалъул презентация

**Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул тахшагьаралда тIобитIараб ИчичIали росулъа Рукъият Асадулаевалъул «Сариназул накъищал» абураб тIехьалъул презентациялда. Тадбир тIобитIана Дагъистаналъул Миллияб библиотекаялда. Муниципалитеталъул нухмалъулес рахьдал мацI цIунизе бахъараб хIаракаталъухъ баркалаялъулаб кагъат кьуна Асадулаевалъе.**

**Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна ДРялъул**



**СПялъул магIарул секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, шагIир ТубхIат Зургьаловалъ ва цогидаз. Тадбиралда Асадулаевалъул кучIдул цIалана ва ахIана кочIохьабаз. Гьединго библиотекаялда ичичIалисезул гулгуназул цебельейги гIуцIана.**

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

# Баракатаб батаги ЦIияб, 1444 – абилеб, сон

**Хириял диналъул вацал ва яцал. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб гьижрияб ЦIияб, 1444 -абилеб, сон! Аллагьас нилъер араб соналъ ккаралщинал рикIкIалъараб, гIибадаталда даимлъараб, Аллагьасда ракI хурхараблъун гьабеги. Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги битIараб нух кквезе.**




**мунагьал чураги ва цIияб сон баракатаб, сахлъи бугеб, талихIаб, хIарамалдаса**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Аргуналдаса бергьенлъигун тIадруссана

## ХIисаб гIелмуялъулгун гьудуллъи ккурал

**Чачан Республикаялъул Аргун шагьаралда тIобитIараб хIисаб гIелмуялъул олимпиадаялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъа лъималазги. ГIакълияб къецалъулъ гьитIинал бакълъулаз рихьизаруна лъикIал хIасилал. Олимпиадаялъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Ислам Дарбишев, Рамазан МухIамадов ва ПатIимат НурмухIамадова.**

Призовияб кIиабилеб бакI щвана Амина ГIабдул-



мажидовалъе ва Сабия КъурамухIамадовалъе. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана бергьенлъи щваразда ва къиматал бакIал росаразда, гьарана гьезие нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

**Макка МухIамадова**

ЗИГАРА

**Бакълъул районалъул администрациялъул, муниципалитеталъул информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз, гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Бакълъул районалъул бакIал раялъул ва архитектураялъул бетIерав специалист МухIамад АхIмаднабиевасда, вакъад ГIадус Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Инфекционные болезни

### Действия при инфекционных болезнях.

**Инфекционные болезни – болезни, возникающие вследствие внедрения в макро организмы (человек, животное, растение) живого специфического возбудителя инфекции (бактерии, вируса, гриба и др.)**

Источником возбудителя инфекции является организм (больной человек, животное, растение), в котором возбудитель инфекционной болезни не только сохраняется, размножается, но и выделяется из него во внешнюю среду или непосредственно передается другому восприимчивому человеку, животному, растению.

Путями передачи и распространения возбудителя инфекции являются:

воздушно-капельный (через органы дыхания);

водно-пищевой (через пищеварительный тракт);

контактный (через кожу и слизистые оболочки);

трансмиссивный (через кровососущих насекомых, клещей и др.).

Куда необходимо обращаться при возникновении инфекционных болезней:

- человека – на станцию скорой медицинской помощи по телефону 03, 030, 003 в единую дежурно-диспетчерскую службу города (района) 112,

- животных – в ветеринарную лабораторию и в единую дежурно-диспетчерскую службу района;

- растений – в единую дежурно-диспетчерскую службу района.

Профилактика – комплекс мероприятий, направленных на предупреждение заноса и распространения инфекционной болезни. Профилактика проводится по трем основным направлениям:

мероприятия по устранению источника инфекции;

меры по выключению (разрыву) путей передачи возбудителя инфекции;

меры по повышению невосприимчивости людей и животных (проведение иммунизации).

Дезинфекция – уничтожение возбудителя инфекции в объектах внешней среды (помещения, территории, предметы ухода, а также на кожных покровах людей и животных). Различают дезинфекцию профилактическую и вынужденную. Последняя, в свою очередь, может быть текущей и заключительной. Дезинфекция – обязательная мера в профилактике и ликвидации любой инфекционной болезни. В систему мер по дезинфекции входят дезинсекция и дератизация.

Дезинсекция – уничтожение во внешней среде вредоносных насекомых.

Дератизация – уничтожение грызунов.

Противоэпидемические (противоэпизоотические) и санитарно-гигиенические мероприятия в очаге бактериального заражения включают:

раннее выявление больных и подозрительных по заболеванию, их изоляцию, госпитализацию и лечение;

санитарную обработку людей (животных);

дезинфекцию одежды, обуви, предметов ухода и т.д.;

дезинфекцию территории, сооружений, транспорта, жилых и общественных помещений и т.д.;

установление противоэпидемического режима работы лечебно-профилактических и других медицинских учреждений;

обеззараживание пищевых отходов, сточных вод и продуктов жизнедеятельности больных и здоровых индивидуумов;

санитарный надзор за соответствующим режимом работы предприятий жизнеобеспечения, промышленности и транспорта;

строгое соблюдение санитарно-гигиенических норм и правил, в том числе тщательное мытье рук с мылом и дезинфицирующими средствами, употребление только кипяченой воды, прием пищи в строго определенных местах, использование защитной одежды (средств индивидуальной защиты);

проведение санитарно-просветительной работы среди населения с использованием средств массовой информации.

### Организация и проведение режимных карантинных мероприятий

Главной задачей карантина является недопущение распространения инфекции как внутри очага, так и за его пределами.

Изоляцию карантинизированного очага организует местная администрация, путем выставления постов охраны на всех дорогах и путях возможного движения людей и транспорта, по границе города, населенного пункта или другой административной территории, совпадающей с границей очага зараженной карантинной зоны. Одновременно, между постами организуется круглосуточное патрулирование, а на второстепенных проселочных дорогах (тропах) устанавливают ограничительные знаки, запрещающие проход граждан и проезд транспорта.

Сразу же после введения карантина организуется сбор и обсервация лиц, нуждающихся в организованном выезде из очага. Обсерваторы развертываются в заранее намеченных общественных зданиях. Кроме того, обсервации по месту жительства или в пути следования подлежат пассажиры, выехавшие из очага на всех видах транспорта до введения карантина. На смежных с очагом или зоной карантина административных территориях вводится режим обсервации в первую очередь с целью предупредить завоз и распространение инфекции путем активного выявления и изоляции лиц, прибывших из зоны карантина в результате нарушения карантинного режима.

Одновременно в очагах устанавливаются единые правила поведения населения и работы транспорта. Для магазинов и предприятий общественного питания вводится специальный режим работы в зависимости от складывающейся эпидемической обстановки. Организуется охрана инфекционных больниц и обсерваторов, при необходимости ограничивается общение между отдельными группами населения в очаге. Кроме того, в очаге временно запрещается проведение массовых мероприятий.

Выезд из очага разрешается организованно всем гражданам, которые в этому нуждаются и имеют на руках подтверждающие документы о прохождении обсервации. Сведения о лицах, нуждающихся в выезде из очага, руководители предприятий, организаций и учреждений представляют административным органам, ответственным за режим.

Продовольственные товары, промышленную и сельскохозяйственную продукцию, сырье и другие народнохозяйственные грузы из зоны карантина вывозят при наличии документов об их безвредности.

При возникновении очага инфекционного заболевания, не относящегося к группе особо опасных или высококонтагиозных инфекционных болезней, применяют обсервацию.

Обсервация – осуществление усиленного медицинского (ветеринарного) наблюдения, частичных изоляционно-ограничительных мер, лечебно-профилактических и противоэпидемических мероприятий, направленных на ликвидацию очага инфекции.

### Как уберечься от укусов клещей.

В связи с началом летнего массового отдыха населения возрастает риск укуса клещами. Иксодовые клещи отличаются связями с возбудителями большого числа природно-очаговых болезней бактериальной, вирусной, риккетсиозной и протозойной этиологии. Они являются облигатными кровососами на всех активных стадиях развития. Уникальность иксодовых клещей, как переносчиков и резервуаров различных возбудителей многих болезней заключается в способности к передаче возбудителя следующему поколению и в зараженности одновременно возбудителями нескольких инфекций.

Кроме неприятных ощущений от укуса этого маленького насекомого, из опасных инфекционных болезней, распространённых на территории области, существует вероятность инфицирования возбудителями таких заболеваний как туляремия, иксодовый клещевой боррелиоз, лихорадка Западного Нила. Излюбленные места обитания клещей - влажные, густые, сильно захламленные беспорядочными вырубками участки леса, с очень густым травяным покровом, заросшие подлеском смешанные леса. Распространено ошибочное мнение, что клещ прыгает на запах человека с деревьев. На самом деле, сидя на траве или кустарнике, растущем вдоль дорог и троп, клещи цепляются за одежду проходящего человека. Затем клещ перебирается на свободные от одежды участки тела, чаще всего на спину, шею, волосистую часть головы.

В настоящее время отмечено формирование устойчивых популяций иксодовых клещей в парковых зонах, что может быть причиной осложнения эпидемиологической ситуации.

### Что необходимо делать, чтобы предупредить присасывание клещей?

- проникая через одежду, клещ не кусает сразу, он передвигается по телу, в поисках удобного места, поэтому необходимо не только прислушиваться к себе, но и с периодичностью 15-20 минут осматривать себя.

- особенно внимательно следует осматривать кожу на голове, за ушами, подмышечные впадины, паховую область, шею.

- наиболее заметен клещ будет на светлой одежде.

- одежда должна быть плотно прилегающей к телу, брюки необходимо заправлять в сапоги, гольфы или носки с плотной резинкой, манжеты рукавов должны плотно прилегать к руке, на голову надевать капюшон или заправлять волосы под косынку, шапку. Возможно использование репеллентов.

- в лесу не садитесь на траву, для стоянки выбирайте открытые участки, по возможности лишенные растений.

- на дачных и садовых участках не допускайте травостоя.

### Если вы все же обнаружили присосавшегося клеща

Укус клеща может остаться для Вас первое время не заметным, так как насекомое вводит в ранку обезболивающее вещество.

Но если Вы все-таки его заметили, клеща нужно как можно быстрее удалить, стараясь не оторвать погруженный в кожу хоботок.

Для этого необходимо обернуть пальцы марлей и раскачивающими движениями из стороны в сторону аккуратно извлечь насекомое.

Старайтесь не раздавить клеща, чтобы избежать проникновению инфекции в рану и на кожные покровы. После извлечения насекомого обязательно продезинфицируйте рану и руки.

Если вы не обладаете навыками удаления клеща, необходимо как можно раньше обратиться в медицинское учреждение по месту жительства, в вечернее время, выходные и праздничные дни - травматологический пункт.

Важно! Удаленного клеща нельзя выбрасывать или раздавливать, его необходимо доставить в лабораторию для исследования на его зараженность, что значительно облегчит медицинским работникам постановку диагноза в дальнейшем.

Исследование клещей на зараженность туляремией, боррелиозом, лихорадкой Западного Нила, клещевым энцефалитом проводится специалистами Дагестанского филиала ФКУЗ «Дагестанская противочумная станция» по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина 13 (т. +7 (722) 62-62-12)

**Если Вы все же подверглись нападению клеща, не игнорируйте данный факт и как можно раньше обратитесь в поликлинику по месту жительства !**

БетӀерав редактор: ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГӀабдулкъадирова
Корреспонденталь: Хадижат Мазгарова, Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.